



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NOUVO REZÈV DLO HOOSICK FALLS LA

*Liy transmisyon dlo a pral founi nouvo sous dlo pèmanan pou 4,500 rezidan
Hoosick Falls sistèm dlo vilaj la sèvi*

*Eta New York kenbe Saint-Gobain, Honeywell responsab pou konstriksyon liy
rezèv dlo ak netwayaj kontaminasyon PFOA*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konstriksyon an ap kòmanse prentan sa a sou yon liy transmisyon dlo pèmanan pou founi yon nouvo sous dlo pou vilaj Hoosick Falls. Pwojè a fè pati yon akò 2023 ant Eta New York ak Saint-Gobain ak Honeywell pou aplike nouvo rezèv dlo a ak rezoud kontaminasyon asid pèfliyowoktanoyik (PFOA) ki soti nan operasyon endistriyèl istorik yo nan enstalasyon McCaffrey Street ak lòt sit yo nan vilaj la.

"Okenn kominote pa ta dwe gen pou ap kesyone sekirite dlo potab yo, epi n ap kontinye fè investisman enpòtan pou pwoteje Nouyòkè yo epi asire ke konpayi yo responsab pou kontaminasyon endistriyèl yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etap sa a ap mennen nou pi pre gerizon kominote a nan Hoosick Falls epi li make yon lòt etap nan angajman kontinyèl nou an pou abòde pòlyan yo."

Pwojè pou sekirize yon rezèv dlo pèmanan pou vilaj la enplike konstriksyon apeprè 6,800 pye lineyè liy transmisyon dlo brit ant yon chan kaptaj ki fèk devlope ak izin tretman dlo vilaj Hoosick Falls. Honeywell ak Saint-Gobain pral fè aktivite konstriksyon epi Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pral sipèvizè. Aktivite konstriksyon liy transmisyon dlo yo prevwa kòmanse an me 2024 epi dire apeprè sèt mwa.

Nouvo sistèm distribisyon rezèv dlo sa a fè pati efò Eta a k ap kontinye pou adrese kontaminasyon PFOA ki soti nan sit Superfund Saint-Gobain McCaffrey Street. DEC te travay nan tèt kole ak kominote a pou evalye opsyon rezèv dlo epi asire nouvo sous dlo anba tè a te lokalize andeyò akifè ki kontamine a epi li konplètman konpatib ak kapasite izin tretman dlo a. Sistèm filtraj a chabon aktif granilè avèk kabòn (granular activated

carbon, GAC) Eta a te mande pati responsab yo pou yo enstale sou sistèm tretman dlo vilaj la pou retire PFOA ap rete itilize pou pwoteje sistèm nan plis.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Depi nan premye jou manda mwen nan DEC, nou te travay men nan men ak kominote Hoosick Falls pou adrese kontaminasyon an, pwoteje sante piblik, epi rann polyè yo responsab pou netwaye dezòd yo. Kòmansman konstriksyon nouvo sous dlo potab sa a se yon etap enpòtan pou kominote sa a epi rezilta gwo efò DEC, DOH ak kominote Hoosick Falls ki baze sou syans yo. DEC rekonesan pou anpil patnè nou yo nan travay sa a, tankou Majistra Rob Allen, Sipèvizè Mark Surdam, manm Gwoup Travay sou Patisipasyon Sitwayen yo, ofisyèl distri lekòl yo, Konte Rensselaer ak anpil lòt. Mwen aplodi tou ekip ekspè DEC ak DOH nou an ki te travay di pou jwenn rezilta sa a pou kominote Hoosick Falls la epi kontinye alatèt nasyon an nan reponn a menas kontaminan k ap emèje yo."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul ak gras a kolaborasyon Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York, Depatman Sante, ak patnè lokal nou yo, moun ki nan kominote sa a ap jwenn yon sous dlo ki an sekirite, pwòp ak fyab. Depatman an pral kontinye kolabore ak patnè nou yo pou kontwole epi bay sante piblik la priyorite epi asire ke kominote Hoosick Falls la disponib pou dlo potab pou ane k ap vini yo."

Repons Eta a pou Kontaminasyon PFOA nan Hoosick Falls

An 2016, PFOA te detekte nan rezèv dlo potab piblik vilaj Hoosick Falls ak pi dlo potab prive vil Hoosick pi wo pase nivo konsèy sante Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) an nan moman 70 pati pa trilyon (parts per trillion, ppt). Prezans PFOA nan dlo anba tè gen rapò ak sit fabrikasyon pase yo nan zòn Hoosick. PFOA fè pati yon gwoup konpoze ki rele sibstanspa- ak polifliyowoalkil (per- and polyfluoroalkyl substances, PFAS). Anba sipèvizyon DEC, konpayi yo te enstale yon sistèm tretman GAC nan izin tretman dlo vilaj la pou elimine ekspozisyon a kontaminasyon PFOA ak antreprann lòt aksyon jan sa dekri anba a.

An 2021, DEC te pibliye [Dosye Desizyon \(Record of Decision, ROD\) Saint-Gobain - McCaffrey](#) pou founi yon sous dlo pèmanan pou konbat kontaminasyon PFAS nan rezèv dlo vilaj la. Kòm yon pati nan angajman Eta a pou asire rezidan yo nan sistèm dlo vilaj Hoosick Falls yo kontinye gen aksè a dlo potab pwòp ak fyab, ROD DEC a enkòpore rezilta yo nan [Etid Rezèv Dlo Minisipal](#) ak kòmantè piblik yo resevwa sou Plan Aksyon Korektif yo Pwopoze pou chwazi yon sous dlo anba tè andeyò akifè ki kontamine a, anplis itilizasyon kontinyèl GAC.

[Nan yon akò 45 milyon dola ak DEC an 2023](#), Saint-Gobain ak Honeywell oblije aplike nouvo rezèv dlo pou sistèm dlo vilaj Hoosick Falls ki sèvi anviwon 4,500 moun. Estimasyon pri pou faz konstriksyon ak aplikasyon sa a se apeprè 5.5 milyon dola. Akò a rann konpayi yo responsab tou pou 30 milyon dola nan depans kontribiyab eta yo te fè yo, 5 milyon dola nan domaj resous natirèl yo ak depans alavni ki gen rapò ak operasyon ak antretyen nouvo liy dlo a ak filtrasyon GAC.

Sistèm tretman GAC la enstale an 2017 retire PFOA ak lòt PFAS nan rezèv dlo potab. Anplis de sa, DEC enstale epi kenbe plizyè santèn sistèm tretman nan pwen dantre pou chak kay nan zòn ki antoure a, tankou nan vil Hoosick. DEC kontinye egziye Honeywell ak Saint-Gobain pou idantifye ak trete sous kontaminasyon PFOA nan kominote sa a.

Majistra Hoosick Falls, Rob Allen, te deklare, "Konstriksyon nouvo liy transmisyon dlo nan nouvo rezèv dlo nou an se yon etap enpòtan ak yon gwo pa pou Vilaj Hoosick Falls. Nou trè rekonesan pou travay Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Depatman Sante ak Gouvènè Hochul ak biwo li a fè. Se yon bèl egzanj yon efò inifye, ki konekte kominote nou an ansanm ak gouvènman lokal ak eta, pou devlope yon nouvo sous dlo ak pou reponn ak kontaminasyon PFOA. Tout moun ki enplike yo ta dwe trè fyè de travay ki fèt jiskaprezan."

Sipèvizè Vil Hoosick, Mark Surdam, te deklare, "Depi dekouvèt kontaminasyon PFOA nan pi dlo yo an 2016, Eta New York te yon prezans konstan nan kominote nou an, li ede reponn kesyon ak abòde enkyetid rezidan yo pandan n ap pran mezi imedyà pou asire dlo potab nou an an sekirite," "Nou apresye sipò ak angajman Eta New York, ki gen ladan Gouvènè Hochul ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Depatman Sante, ki fè pwoteksyon sante fanmi Hoosick yo tounen yon priyorite."

DEC ak DOH ap kontinye bay rezidan zòn Hoosick enfòmasyon ak [mizajou konsènan efò tretman yo k ap kontinye](#). Anplis de sa, ajans Eta yo kontinye angaje [Gwoup Travay sou Patisipasyon Kominote nan Zòn Hoosick](#) pou diskite sou pwogrè netwayaj PFOA a. [Enfòmasyon ak dokiman adisyonèl](#) konsènan aksyon eta a ki ankou nan zòn Hoosick Falls yo disponib sou sit entènèt DEC la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)